**O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A’JİNİYaZ ATINDAG’I NO’KİS MA’MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**QARAQALPAQ TİLİ HA’M A’DEBİYaTI FAKULTETİ**

**«QARAQALPAQ A’DEBİYaTI» KAFEDRASI**

**Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ ta’lim bag’dari’ni’n’ 4[a]-kurs talabasi’**

**Abibullaeva Gu’lshehranin’**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**Temasi’:** «S. NurImbetovtIn’ “Xanalaslar” da’stanin jan’a innovatsiyaliq usillar tiykarinda woqi’ti’w ma’seleleri’»

**İlimiy basshi’:** f.i.k. E. Allanazarov

**Kafedra basli’g’i’:** f.i.d.prof. K.Allambergenov

**JAQLAWG’A RUXSAT BERİLDİ:**

**Fakultet dekani’:** ________________ **f.i.k. E.Allanazarov**

**Kafedra basli’g’i’:** _________________**f.i.d.prof. K.Allambergenov**

**İlimiy basshi’:** _________________ **f.i.k. E.Allanazarov**

**Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’n wori’nlawshi’ Abibullaeva Gu’lshehra**

**Ma’mleketlik attestatsiya komissiyasi’ni’n’ qarari’:**

**Abibullaeva Gu’lshehranin’qa’nigelik pitkeriw jumi’si’na**

**«______» ball qoyi’lsi’n**

**MAK basli’g’i’:**

_______________________

**MAK ag’zalari’:**

_______________________

«S. NurImbetovtIn’ “Xanalaslar” da’stanin jan’a innovatsiyaliq usillar tiykarinda woqi’ti’w ma’seleleri’» temasinin’

**J O B A S I:**

**KİRİSİW**

**I Bap. Uli’wma bilim beriw mekteplerinde S. Nurimbetovtin’ wo`miri ha`m do`retiwshilik xi’zmetlerin u`yretiw.**

**II bap. Uli’wma bilim beriw mekteplerinde S. Nurimbetovtin’ da’stanli’q shi’g`armalari’n woqi’ti’w.**

**III bap. S. Nurimbetov “Xanalaslar” da’stanin woqi’ti’w usillari**

**JUWMAQ**

**Paydalani’lg`an a`debiyatlar**

# ANNOTATsİYa

Tiykari’nan jumi’si’mi’zda S. NurImbetovtIn’ “Xanalaslar” da’stanin jan’a innovatsiyaliq usillar tiykarinda woqi’ti’w ma’seleleri’ uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerde jan’a, yag’ni’y yen’ aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalarda woqi’ti’wdi’n’ usi’llari’ boyi’nsha ali’p bari’wdi’n’ jollari’n izlestirgenbiz. Wonda «İnteraktiv» metodlardan qalay paydalani’wdi’n’ usi’llari’n u’yrengenbiz. Ja’ne «Aqi’l hu’jimi», «Oyi’n texnologiyalari’», «VVV» usi’li’ yani’y (Bilermen), (Bilgim keledi), «Bilip aldi’m», «Prezentatsiya» ha’m tag’i’ basqa usi’nday pedagogikali’q texnologiyalarg’a baylangi’sli’ jan’a usi’llardan paydalani’w jollari’n u’yrendik.

Uli’wma alg’anda biz jumi’si’mi’zda pedagogikali’q texnologiyalardan paydalang’anda woqi’wshi’larg’a qanday da’rejede tu’sinikli boladi’ degen maqsette sabaq wo’tip ko’rdik ha’m juwmag’i’nda maqsetke say yekenligin ma’mleketlik praktika dawami’nda soni’n’ gu’wasi’ boldi’q. sonli’qtan da menin’ pikirim boyi’nsha bo’gingi ku’n talaplari’ barli’q woqi’w wori’nlari’nda pedagog kadrlar. Yen’ aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalarda sabaq wo’tip, woni’ rawajlandi’ri’p, respublikani’n’ barli’q woqi’wshi’lari’ u’lgi alarli’q da’rejede u’git-na’siyatlaw maqsetke muwapi’q boladi’ dep yesaplayman.

Pitkeriwshi: G. Abibullaeva

Ilimiy basshı: f.i.k. E. Allanazarov

## Kirisiw

**Temanın` aktuallıg`ı.** XX a`sirdin` 90-jıllarının` basınan baslap, xalqımızdın` ko`p jıllıq a`rman etken g`a`rezsizlikti qolg`a kirgiziwi, bul elimizdin` siyasiy, ja`miyetlik o`mirlerinde ulken-ulken o`zgerislerdi keltirip shıg`aradı. En` baslısı bilimlendiriw ha`m ta`rbiya salasında ten`i-tayı joq ulken-ulken jan`alıqlar, jan`alanıwlar ju`z berdi. A`sirese, elimizdin` bul problemalardın` iske asıwında 1997-jılı O`zbekistan Respublikasının` prezidenti İ.A`.Karimovtın` O`zbekistan Respublikası Oliy Ma`jlisinin` IX sessiyasında «Jas a`wladtın` uylesip rawajlanıwı- O`zbekistan progressinin` tiykarı» degen mazmundag`ı so`ylegen bayanatı ha`m usınısları bizin` elimizde, O`zbekistanda ulken tariyxıy programmalıq hu`jjet bolıp qaldı.

Bunnan keyin ko`p uzamay aq O`zbekistan kadrlar tayarlaw boyınsha milliy bag`darlama «Bilimlendiriw haqqında O`zbekistan Respublikasının` nızamı» usı tiykarda « Qaraqalpaqstan Respublikasında bilimlendiriw haqqında nızamı» qabıl etildi. O`zbekistanda milliy bag`darlamanı a`melge asıratug`ın Respublikalıq komissiya o`z isnin basladı. Son`g`ı waqıtlarda Prezident İ.A`.Karimov qol qoyg`an a`hmiyetli eki dakument: O`zbekistan Respublikasında Wlıwma Orta bilim beriwdi sho`lkemlestiriw ilajları haqkında» ha`m «O`zbekistan Respublikasında Orta arnawlı ka`siplik bilimlendiriwdi sho`lkemlestiriw ilajları haqqında» qarar payda boldı.

Elimiz g’a’rezsizlikke eriskennen keyin da’slepki ku’nlerden baslap-aq ma’mleketimiz ta’repinen uliwma worta arnawli bilimlendiriw tarawina u’lken itibar qaratildi. Bilimlendiriw protsessinin` tiykarg`ı talaplarının` biri - o`z betinshe erkin pikirley alatug`ın na’wqiran a`wladtı ta`rbiyalaw bolıp tabıladı. Bunin’ basil sebebi, o`zinin` erkin pikiri bar insan g`ana o`z ana topirag’in, o`z tu`siniklerin, o`zi ushın isenimli bolg`an pikirlerin qorg`ay aladı ha`m og`an sadıq bolıp qala aladı. Bunday pazıyletlerdi iyelewge ta`rbiyalawda ta`lim protsessinde, ulıwma bilimlendiriw orta mektebi tarawi ma, worta arnawli ka’sip-wo’ner tarawi ma, joqarı bilimlendiriw tarawi ma, woqıtılatug`ın ha`r bir pa`nnin’ o`zinin` ayrıqsha ornı ayriqsha. Usi pa`nlerdin` ishinde, a`sirese, insannın` ruwxıy jetilisiwinde ayrıqsha orın iyeleytug`ın, onın` joqarı ideyalarg`a qaray umtılıwın ta`miynleytug`ın pa`nlerdin` biri a`debiyat pa’ni yesaplanip, insannin’ ruwxiy aziq aliwinda worni ayriqsha yesaplaniladi. O`zbekstan Respublikasının` Prezidenti İ.A.Karimov o’zinin’ «Ana jurtimiz baxti iqbali ha’m ulli keleshegi jolinda xizmet yetiw – en’ joqari baxit» atli kitabinda: **«O’zbekistannin’ yen’ u’lken baylig’I ne dese, hesh yekilenbesten aytiwg’a haqilimiz - yen’ u’lken baylig’imiz bizin’ jaslarimiz, balalarimiz. Bu’gingi a’wlad biz bunnan 18 jil aldin qabil yetilgen Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasinin’ miywesi bolip, sol waqitlari biz maqset yetken «partlaw effekti» ju’z bermekte… …Sonday g’ayratli, ko’zleri janip**

**turg’an du’niya maydaninda woz ten’lesleri menen bellesiwge tayar turg’an jaslarg’a a’meliy sha’rayat h’am imkaniyat tuwdiriwg’a men mudami tayarman»[1]-degen pikirleri yelin su’ygen, Ana diyarimizg’a xizmet yetiwge tayar turg’an jaslarimizdi ruwxlandiradi.**

Ja`miyettin` rawajlanıwı ha`zirgi da`wir bilimlendiriw ma`selelerinin` aldına adamdı oqıtıw, ta`rbiyalaw, siyasiy- sotsiallıq, ekonomikalıq dun`yalıq ko`z-qarasında bilimlendiriwdin` sapasın arttırıw ja`ne de ha`mme adamlarg`a erkin bilim alıw mu`mkinshiliklerin jaratıw ha`m basqa da faktorlar menen de baylanıslı bolg`an ko`p-ko`p ma`selelerdi ko`rsetip turadı. Ma`selen, ha`zirgi da`wirdegi bilimlendiriw ma`selelerinde texnikalıq qurallardın` jetkilikli da`rejede bolıwı, mısalı, kom`pyuter u`skeneler, telekommunikatsiya tarmaqlarınınn` rawajlanıwı menen baylanıslı bolg`an jan`a mag`lıwmatlar menen bayıwı elde bilimlendiriw ortalıg`ın tolıq jaratıwg`a mu`mkinshilik tuwdırdı.

Bilimlendiriw sistemasındag`ı ha`zirgi ku`ndegi bul texnikalıq jan`alıqlar bilimlendiriwdin` innovatsiyalıq, texnologiyalıq jan`alıqlardın` maqsetinde quradı. Bilimlendiriw tarawındag`ı bul jag`day adamdı barqulla o`zgerip turatug`ın o`mirge tayarlaw ustaxanasına aylandı.Bul bilimlendiriwdegi payda bolg`an innovatsiya adamdı,o`mirge putkilley jaqsı ta`repke qarap o`zgertiwge qaratılg`an. Oqıwshı o`zleri bul texnikalıq qurallar arqalı alg`an mag`lıwmatların o`zi erkin tu`sinip paydalana

[1] Karimov I. «Ana jurtimiz baxti iqbali ha’m ulli keleshegi jolinda xizmet yetiw – en’ joqari baxit», T.,2015, 249-b

alıw,a`sirese texnikalıq qurallardın` ha`zirgi zamandag`ı jetiskenliklerinen ol o`zi erkin paydalana alıw,ha`r bir pikirlerge do`retiwshilik penen qarawg`a u`yreniw,a`sirese jas waqıtlarda usınday texnikalıq qurallardın` jetiskenliklerinen erkin paydalana alıw,olardan ilhamlanıp, rawajlanıwg`a erisiwge bul bilimlendiriwdegi ha`m ta`rbiyadag`ı innovatsiyalıq jumıstın` tiykarg`ı maqsetleri bolıp esaplanadı.Sonın` ushın bilimlendiriwde, ta`rbiyadag`ı tiykarg`ı maqset adamnın` o`zin-o`zi ruwxıy jetistiriwge u`yretip barıw,adamnın` o`zine, ja`miyetke kerek ekenligin tu`sinip, adamnın` o`zin-o`zi ta`rbiyalap jetistirip barıwı,bul metodtkalıq innovatsiyadag`ı bas maqsetlerdin` biri biri bolıp atır. Bul a`lbette qıyın ha`m awır ma`sele,sonda da usı pedagogikalıq,metodikalıq innovatsiya bul bilimlendiriwdegi jollardın` iske asıwın g`ana bilimlendiriwdegi innovatsiya dep moyınlaydı.

Ha`zirgi waqıtlarda mug`allim ya oqıwshı mektepte bilimlendiriw ma`selelerindegi innovatsiya printsipinde bilim alıwg`a ha`m ta`rbiyalanıwg`a u`yreniw bul insannın` o`z da`wiri, o`z zamanı menen ten` ayaq basıp ju`riwi degendi an`latadı. Sebebi, innovatsiya degen tu`sinik bul ha`zir dun`yalıq protsesske aylandı.Ha`zirgi ha`mme globallasıw da`wirinde jasaymız. Sonın` ushın bunı ha`mme «Glaballasıw da`wiri», «Komp`yuter texnikalar a`siri», «Tezlik a`siri», «Texnika a`siri», «İnternet a`siri» depte ataydı.Sol ushın biz mektepte oqıwshı, oqıtıwshı bilimlendiriwde qaysı ilim

menen qurallanıp atırsaqta ya oqıwshı bol, ya oqıtıwshı mug`allim bol, ha`zirgi da`wirdegi bizin` ma`mleketimiz iske asırıp atırg`an ishki ha`m sırtqı siyasattı , elimizdegi bolıp atırg`an haqıyqatlıqlardı, basqa ellerde ju`z berip atırg`an waqiyalardı, ha`zirgi da`wirdegi pikirlerdin` ha`r qıylılıg`ın ko`rip otırıp, onı esapqa alıp, ideologiyalıq belsendilikti tu`sinip, aytıw bilimlendiriwde ayrıqsha ma`sele ekenligin umıtpawımız kerek.

Glabollasıw sha`riyatında ma`mleketimizdin` ishki ha`m sırtqı siyasatının` printsipleri, ja`nede stratigiyalıq bag`darları, xalıq aralıq maydandag`ı maqset ha`m waziypaların, Orta ha`m uzaq shıg`ıstag`ı O`zbekistannın` milliy ma`plerin qollap quwatlaw, olardı alg`a su`riw mexanizmlerin bekkemlep barıw ha`m bir pu`tin sistema bolıp, ol O`zbekistan Respublikasının` sırtqı siyasiy iskerligi kontseptsiyası bolıp esaplanadı. Usı elimizdin` ishki ha`m sırtqı kontseptsiyaların bilimlendiriw ma`selelerinde oqıwshıg`a tolıq jetkeriw ko`rkem a`debiyat boyınsha, yag`nıy, ideologiyalıq wazipalardı iyelegen barlıq pedagoglardın` baslı waziypası bolıpta esaplanadı. Ja`nede bul ma`sele mektep,kolledj, litsey ya joqarı oqıw orınlarındag`ı  bilimlendiriw tarawındag`ı innovatsiyanın` jetiskenlik ko`rinisi bolıpta esaplanadı.

Bul glabollasıw da`wirindegi payda bolıp atırg`an o`zgerisler bul ele tolıq innovatsiya emes. Bul tek jan`alıqqa umtılıwlar. Solay etip bilimlendiriw tarawındag`ı payda bolg`an ha`diyseler,Ol siz du`zgen

innovatsiyanın` siyasıy ilimiy o`zgerislerge tiykarlang`an faktlıqlar g`ana boladı.Sol ushın ha`zirgi da`wirdegi pedagoglar, ta`jiriybeli metodistler innovatsiyanın` payda bolıwında, onı innovatsiya dep tanılıwında, ja`miyetshiliktin` moyınlanıwında eki ma`selenin` sha`rtliligin ko`rsetedi.

Birinshisi: Bilimlendiriwge, a`debiyat materiallardı tanıwda, talqılawda jan`a jollar,jan`a ideyalar, ha`mmege maqul keletug`ın jan`a isenimli sheshimler tabıw ya jaratıw kerek. Ekinshisi: Ol talqılawdag`ı tabılg`an,sheshilgen idealardın` ha`mme ushın durıslıg`ı menen onı bilimlendiriw ma`selelerinde qollana alıw mu`mkin degen maqullawlarg`a erisken jan`alıqlar, ma`seleler g`ana innovayiya dep ataladı.

Qısqası, bilimlendiriwdegi bul innovatsiya dep tabılg`an ma`selege aldın`g`ı pedagogikalıq ta`jriybeni, jan`alıqtı,u`yreniw, ulıwmalastırıw ha`m taratıw ma`seleleri pedagogikalıq metodikalıq ilimlerdegi jan`alıq retinde mektepte oqıw sistemasına kirgiziw bul innovatsiyanın` innovatsiya ekenligin ilimnin` moyınlawı degen so`z. Demek, bilimlendiriwdegi, ilimdegi payda bolg`an innovatsiyanın` waziypası, mektepte a`debiy materiallardı do`retiwde ha`m teoriyalıq ha`m a`meliy is ju`zinde teoriya menen a`meliy islerde payda bolatug`ın jan`alıqlardı ken` qollanıwdı rawajlandırıwdan ibarat. Solay etip, bilimlendiriwdin` o`zi tek innovatsiya menen jasaydı. Sebebi, bilimlendiriwdin` o`zi tek innovatsiya. Bul bilimlendiriw ma`selelerindegi, a`sirese mektepte ko`rkem a`debiyattı oqıtıwdag`ı

innovatsiyanın` rawajlanıwın tabıslı iske asıwın pa`n oqıtıwshısı menen birge a`debiyattı oqıtıw metodikası ilimi tabıslı iske asıp baradı. Bul ma`selelerde pa`ndi oqıtıwda pedagogikalıq, sheberlik, u`lken ta`jriybede u`lken rol` atqaradı.

Endi mekteplerde ko`rkem a`debiyattı oqıtıwda jan`a adamdı oqıtıw, jan`a adamdı ta`rbiyalaw ma`selelerindegi innovatsiyanı izlew ma`seleleri bul mektep o`mirindegi ko`p jıllardan bergi qa`liplesip kiyatırg`an pa`ndegi da`stu`riy oqıtıw sistemalarına o`zgeris jasaydı. Ba`rha bul mug`allimnen innovatsiyanı talap etip turatug`ın turaqlı protsess. Bıraq, ko`p jıllıq mektepler o`mirindegi pa`ndi u`yreniw, oqıtıw, ol arqalı jan`a adamdı ta`rbiyalaw ma`selelerindegi oqıtıwdag`ı sabaq qurılıslarına u`lken o`zgerisler kirgize almaydı. Ma`selen: Sabaqlardın` tu`rleri, sabaq tipleri, onı oqıtıw, a`debiy materiallardı u`yreniw ta`rtiplerine pu`tkilley o`zgerisler jasay almaydı. Al, ol bilimlendirw tarawında pedagogikalıq, metodikalıq oqıtıw du`zilisindegi da`stu`riy sistemalar ishinde g`ana bilimlendiriwge jan`alıq kirgizip baradı.Bul arqalı ko`rkem a`debiyattı oqıtıwdın` rolide artıp baradı. Mektepte mug`allimnin` Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikasında, ol arqalı pa`nde jetilisip baradı. Mektepte qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw ma`selelerinde pedagogikalıq, metodikalıq ta`jriybelerde bayıp otıradı. Bul arqalı a`lbette bilimlendiriwdegi innovatsiya da ba`rha jan`a waziypalar tabılıp, tolısıp baratug`ınlıg`ı so`zsiz. Sol ushında

mekteptin` o`zi innovatsiya besigi dep ataladı. Sebebi, innovatsiyasız bilimlendiriwde jasay almaydı. Wo`ytkeni, bilimlendiriwdin` o`zi innovatsiya.

Metod so’zinin’ tiykari «metodos» so’zinen alinip, «biliw ha’m izertlew joli», «teoriya», «tag’liymat» degen ma’nilerdi bildiredi. Metodika (grekshe “methodika) qanday da bir jumisti worinkaw pitkeriw metodlarinin’, usillarinin’ jiyindisi yamasa woqıtıw usillari haqqındag’ı ilim – bilim beriw metodlari, jollari ha’m quralları haqqındag’ıpa’n yesaplanadı**.** Metodika  mektep aldina bilimlendiriw ha’m na’rbiyag’a tiykarlanip, a’debiyat pa’nin u’yreniwdin’ waziypalari ha’m mazminin, ya’lim-ta’rbiya protsesinin’ nizamliqlarin ha’m bilimlendiriw usillarinin’ ilimiy tiykarlang’an sistemasin  belgileydi.

Pedagogikalıq texnologiya degen bolsa,  bul jekke adamg`a ta`rbiya berip qa`liplestiriw nızamlıqların o`zinde ja`mlewshi ha`m na`tiyjeni ta`miynlewshi mektep sistemasındag`ı pedagogikalıq xızmet bolıp esaplanadı. Asirese, bul mug`allimler ushın za`ru`r na`tiyjege erisiw imkaniyatın beretug`ın oqıtıwshının` jeke adamg`a yaki oqıwshılar toparına da`l ta`sir etiwshi qurallardın` biri.Bunday innovatsiyalıq bilim beriw jekke adamnın` ja`miyette ju`z berip atırg`an o`zgerislerge tezden biyimlesiw bag`darların a`melge asıradı.

Mektep sistemasında jan`alıqqa umtılg`an mug`allim o`z isinde so`z joq do`retiwshilik na`tiyje beretug`ın innovatsiyalıq protsessti orınlaydı. Do`retiwshilik na`tiyje oqıwshının` unamlı o`zgerislerge tu`siwinen ma`lim bolıp, innovatsiyalıq is-ha`reketler oqıtıwshının` tolıq berilip jumıs islewge umtılıwına, o`zin-o`zi jetilistiriwge eristiretug`ın qa`biletlerin iske qosadı. İnnovatsiyalıq ha`reket etip atırg`an mug`allimnin` bilimi menen biliwge umtılıwınan, pedagogikalıq jan`alıqlardı o`zlestiriw waziypaların tu`siniwinen, modellew ha`m dun`yalıq da`rejede bilim iyelew mu`mkinshiliklerine erisiwi ha`m onı o`z sha`kirtlerine beriwi iske asadı.

İnnovatsiya bul adam ushın jan`alıq bolıp tabılatug`ın ideya yaki arnawlı tu`rdegi jan`asha o`zgeris. Bunda alg`a qoyg`an sistemalı waziypalardın` sheshiliwi a`melge asadı. İnnovatsiya ha`m ta`lim mazmunı ta`sirindegi o`zgeris o`z-ara baylanıs degen pikirdi bildiredi. İnnovatsiya bolıw ushın wazipa etip qoyılg`an maqsettin` unamlı na`tiyjesin ko`riwi mu`mkin. Yag`niy innovatsiyalıq protsess degenimiz bilim beriw, ta`rbiyalaw jumıslarına jan`alıqlar engiziw, jan`a usıllardı, jan`a jollardı, jan`a ilajlardı, jan`a qurallardı, kontseptsiyalardı jaratıw yamasa qollanıw degendi an`latadı. Qullası innovatsiyalıq protsess oqıwshıg`a bilim beriwdegi tiykarg`ı payda bolg`an jan`alıqlardı qa`liplestiriw degen ga`p.

Mısalı bolajaq pedagoglaordın` innovatsiyalıq tayarlıqların qa`liplestiriw, olardın` jan`a pedagogikalıq texnologiyalardı iyelewlerinin`

da`slepki sha`rti bolıp, bul ha`reketler oqıwshılardın` bilim da`rejelerinin` o`siwlerine ja`rdem beredi.

Ha`zirgi waqıtlarda mekteplerde bilim beriw tarawında oqıtıwdın` jan`a texnologiyaların texnologiyaların o`zlestirmegen shelli, elimizde bilimli, ha`r ta`repleme talapqa say qa`niygeler jetistiriw qıyın. Dagogikalıq innovatsiyanı iyelew bolajaq pedagogtın` ka`siplik da`rejesinin` artıwına, intelektuallıq, ruwxıy adamgershilik qa`biyletlerinin` qa`liplesiwine unamlı ta`sir tiygizip, o`zin-o`zi jetildirip, ta`lim ta`rbiya texnologiyaların o`zin paydalı sho`lkemlestire alıwına mu`mkinshilik tuwdıradı.

Joqarida pikirlerden, ko`z-qaraslardan kelip shig’ip qarasaq, qaraqalpaq a`debiyatın woqıtıwg`a ayrıqsha itibar menen, oqitiwda da’stu’riy h’am jan’a pedagogikaliq usillardan paydalaniw o’zgesheliklerin izertlew ha’m izletiriw kerek dep oylaymız. Usınday mashqalalardin’ sheshimin izlestiriw arqali bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` aktuallıg`ı belgilenedi.

**İzertlew ob`ekti**

Qaraqalpaq a`debiyatımızdın` belgili wa`killerinin` biri bolg`an xalıq shayırı S. NurImbetovtIn’ “Xanalaslar” da’stanin jan’a innovatsiyaliq usillar tiykarinda woqi’ti’w ma’seleleri’ tiykarında onın` ideyaliq o’zgesheliklerin ha’r ta’repleme u’yreniw, sol arqali oqitiwda da’stu’riy yemes h’am jan’a pedagogikaliq usillardan paydalaniw ayriqshaliqlari pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti bolıp tabıladı.

**İzertlewdin` maqseti ha`m wazıypaları**

Uli'wma worta bilimlendiriw mekteplerinde jaslardin'qaraqalpaq a`debiyatı pa`ninen tiyanaqli bilimge iye boliwi ushin wolardı h'azirgi zaman talaplari da`rejesinde oqıtiwdin' usillari ha`m keleshegimiz bolg`an jaslardın` ta`rbiyasın a`melge asıriwda yen' aldin'g'i da'rejede pedagogikaliq usillardan paydalaniwdi sho'lkemlestiriwdin' ma'seleleri payda bolmaqta.

S. NurImbetovtIn' "Xanalaslar" da'stanin innovatsiyaliq usillar tiykarinda woqi'ti'w ma'seleleri' tiykarında ha'r ta'repleme u'reniw, sol arqali oqitiwda da'stu'riy yemes h'am jan'a pedagogikaliq usillardan paydalaniw o'zgeshelikleri pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti bolıp tabıladı.

Usı maqsetke erisiw ushın to`mendegi wazıypalardı orınlaw sha`rt:

-birinshiden, ulıwma bilim beretug`ın orta mekteplerdin` oqıw bag`darlamasında qaraqalpaq a`debiyatı pa`ninin` tutqan ornı, onın` o`zgesheliklerin anıqlaw;

-ekinshiden, qaraqalpaq xalıq shayırı S. NurImbetovtIn' do`retiwshiliginin`, sonin' ishinde Xanalaslar" da'staninın` qaraqalpaq a`debiyatı sabaqları barısında oqıtılıwı,

-u`shinshiden, sabaq barısında qaraqalpaq a`debiyatı mug`allimi ta`repinen da'stu'riy yemes usillardan paydalanılıwı, jan`a pedagogikalıq texnologiyalardin' woqıtıw protsessine endiriliwi tiyis bolg'an metodlar ha`m usıllar.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyalıq tiykarlari.** O’zbekistan Respublikasi Prezidenti İ.A.Karimovti’n’ jaslar arasinda ruwxi’y ma’deniyatti, ta’rbiyaliq xarakterdi qa’liplestiriw barisindag’i miynetleri, korkem a’debiyattin’ insan ta’rbiyasi barisi haqqi’ndag’i’, jan’asha woylaw jan’asha pikirlew haqqi’ndag’i’ usinis ha’m pikirleri pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ basli’ metodologiyali’q tiykari’ wesaplanildi. Jumi’sti’n’ teoriyali’q tiykarlari’ retinde ko’rkem a’debiyatti’n’ teoriyasin izertlew barisinda wo’zlerinin’ miynetleri menen u’lesi bar ilimpazlardan N.Da’wqaraev, Q.Ayi’mbetov, N. Japaqov, A’.Paxratdinov, K.Allambergenov, M. Bekbergenova, E. Allanazarov ha’m tag’i’ basqa da ilimpazlardi’n’ ilimiy jumi’slari’tiykar yetip alindi.

**<u>İzertlew metodları</u>**

Pitkeriw qa`nigelik jumıstı tayarlaw barısında tiykarınan tallaw, baqlaw metodı, wo’z betinshe islew metodı, toparlarda islesiw metodı, analitikalıq tallaw metodı, metodikalıq ta`jiriybelerdi tallaw metodları qollanıldı.

**<u>Pitkeriw qa`nigelik jumısının` qurılısı</u>**

Pitkeriw qa`nigelik jumıs kirisiw, tiykarg`ı u’sh bap, juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

## Kirisiw

Qaraqalpaq a`debiyatında xalıq shayırları o’z do’retiwshiligi menen XIX a`sirdin` aqırı XX a`sirdin` basinan a’debiyat maydanina kirip kele baslag`anı belgili.

Xalıq shayırlarına a`debiyat tariyxınan orın berilgende xalıq arasinda en’ kem degende jeti-segiz qosıg`ı taralg`an boliwi menen birge shayırshılıg’i ta’n aling’an ha’m tilge alıng`an adamlardı kirgizip otırdı. Belgili da`rejede xalıq shayırları poeziyası xalıqtın` da’rtin, sotsiyalliq turmısin, qa`lbindegi a’rmanlarin, ju’rektegi debdiwin su`wretlep ruwxıy du`n`yasın qanaatlandırıp kelgenlikten a`debiyat tariyxınan orın beriledi. Xalıq shayırları xalidliq poeziya menen birge ko`p ta`jiriybege, ko`p o`zgesheliklerge iye bolip keledi ha’m sonın` biri o`zi do`retken shıg`armaların yadtan aytıw qa’bileti ku’shli, tosinnan qosiq qatarlari to’gilip kele beretug’in shayirshiliq uqıplılıqlarg`a iye. Bul ayrıqsha talantlılıqtı ku`shli kewildin` tutqırlıg`ın ko`rsetetug`ın qa`bilet. Keltirip o`tilgen tiykarg`ı a`debiy-ma`deniy faktorlar sem`yalıq ha`m ja`miyetlik unamlı ta`sirler a`wel bastan-aq shayırshılıqqa uqıplı, talantı bar adamdı xalıq shayırı iyesi etip shıg`aradı. Xalıq shayırları poeziyasında qa`liplesken da`stu`rlerdi paydalanıp, shayırshılıq da`stu`rdi jetilistirip jırlap, o`zinin` hawazı menen da`wir ruxın bildirgen, shayırlıq da`stu`rdi dawam ettirgen. Xalıq shayırları poeziyasında shıg`arma birinshi betten bayanlanıp, geyde shayırdın` o`miri shıg`arması menen qarasıp, ajıralmas tu`rge engen. Xalıq shayırlarının` o`zine ta`n tvorchestvolıq o`siwi, shayırlıq ku`shine say repertuarı bar, individuallıq avtorlıq awızeki janrın rawajlandıradı. Xalıq shayırları poeziyasının` stilistikalıq qurılısının` tiykarinda poeziyasının` o`zgesheligin

ko`rsetetug`ın belgilerdin` biri qosıqtın` nusqasındag`ı en` kishi birlik leksikalıq so`zlik sapasınan ajıralip turadi. Xalıq shayırları – awızeki poeziyada qa`liplesken turaqlı so`zlerdi o`nimli qollanıw menen birge, burıng`ı da`stu`rlilik shen`berinen shıg`ıp, xalıq shayırları o`zinin` sheberlik o`zgesheligin de ko`rsetedi.

Xalıq shayırları haqqında, sonın` ishinde S. Nurımbetovtın` do`retiwshiligi haqqında so`z bolg`anda belgili bir millettin` awızeki xalıq do`retiwshiligin yadında saqlap bizge jetkerip beriwshiler, fol`klorlıq shıg`armalardı ha`m o`zlerinin` jeke do`retiwshiligi ustaxanasınan jaratılg`an shıg`armaların yadtan atqarıwshılar ha`m taratıwshılar esapqa alınadı. Olar ayrıqsha bir basqa so`z sheberlerinen o`zine ta`n o`zgeshelikke iye bolg`an do`retiwshilik ag`ımdag`ı, ko`rkem poetikalıq shıg`armalarında teren` filosofiyalıq ha`m ta`rbiyalıq xarakterdegi pikir ha`m shayır fantaziyasındag`ı qıyal, xalıq tili menen suwg`arılg`an, xalıq keminde onlag`an qosıqların yaddan biletug`ın, do`retpeleri xalıq arasında ken` tanılg`an shayırlar esaplanıladı.

Xalıq shayırı S. Nurımbetov xalıq arasındag`ı real jan`alıqlard teren` ma`ni berip bahalay bilgen ko`rkem so`z ustası. S. Nurımbetov jasag`an zamanlarda xalqımızdın`` mın` jıllıq ruxıyatın joq etiwge talaplanıwshılar boldı (Joq ete almadı, biraq azar shektirdi) Ja`miyetti «tazalaw» maqsetinde eskishe sawatı bar iyshan, ulamalardı quwdalawg`a alg`anlıg`ı ma`lim. Ma`deniyat tariyxımızdın` gilti – arab jazıwı u`yretiliwden toqtatılıp, arabsha kitaplardın` ha`mmesi (basqa jazıwdag`ı kitaplardın` joq bolıwına qaramastan) diniy kitap sıpatında o`rteldi. Xalıq shayırı sıyaqlı esli-huwshlı adamlardın` usınday oysızlıqlarg`a biypa`rwa qarap turıwı, o`z mu`na`sibetin bildirmewi mu`mkin be?

Xalıq shayırlarının` qosıqlarında milliy ha`m internatsionallıq sıpatlardın` u`ylesimi. Xalıq shayırlarının` du`n`ya tanımında mine, usınday doslıqtı qa`dirlewshilik, a`tirapındag`ı adamlarg`a hu`rmet, muhabbat olardın` tvorchestvosında ulıwma insanlıq ideyalardın` orın alıwına mu`mkinshilik berdi.

Xalıq shayırları ishinde Sadıq Nurımbetov, Tilewbergen Jumamuratov ha`m basqalar o`zlerinen aldın`g`ı jasap o`tken ha`m o`ıpes do`retiwshiligin xalıqqa inam etken qaraqalpaq klassik shayırlarının` isenimli miyrasxorları bolıwları menen birge jan`a da`wirde xalıqlıq estafetanı biri-ekinshisine inabatlı tapsırıp keldi. Olardın` en` bahalı o`zgesheligi – suwırıp salıp qosıq shıg`arıw, to`kpe shayırlıq qa`siyetine negiz bolg`an, ta`biyg`ıy talantqa qosımsha, poetikalıq da`stu`r – xalıq ruxıyatına, o`zine shekemgi ha`m da`wirles shayırlardın` a`debiy g`a`ziynesine qanıqlıg`ı. Bul a`debiy azıqlardı ha`m o`zlerinin` shıg`armaların yadqa biliwi ha`m atqarıwı. Tvorchestvolıq usılı usınday sıpatlarg`a negizlengen joqarıdag`ı xalıq shayırlarının` ha`r birin ekinshi talant iyesi qızıqtıratug`ın, shıg`armaların u`yreniwge talpındıratug`ın edi. Poeziyalıq da`stu`rlerdin` xalıq shayırları ta`repinen bayıtılıwı. Xalıq shayırları do`retiwshilik izlenislerinde qosıqlar menen toqtap qalg`an joq. Olar da`wir jan`alıqların, o`zlerin tolg`andırıp ju`rgen ideallardı jırlawda da`stu`rlik sa`wlelendiriw usılların paydalandı ha`m ko`lemli polotnoları menen milliy poeziyamızdı bayıttı. Abbazdın` «Bahadır» ha`m Sadıqtın` «Xanalaslar», Tilewbergen Jumamuratovlardın` «Makariya suliw» da`stanlarının` milliyligi, en` da`slep, olardın` janrında o’z ko`rinisine iye bjladi.

Da`stanlarda xalıqtın` o`z-o`zin tanıwı, keleshekke jolı internatsionallıq ag`ımnan ayırılıp kete almaslıg`ı ha`r bir shayırdın` jeke oy prizmasınan o`tip

sa`wleleniwin tapqan. Milliy turmıstın` u`lken waqıyaları ja`miyetlik ha`diyseler menen baylanıstırıladı. Ha`mme xalıqlar ushın ortaq ulıwma insanlıq ideyalardı beriwde olar janlı turmıstı sa`wlelendiriwleri kerek bolg`anlıqtan o`zleri tuwılıp o`sken qaraqalpaq xalqının` jeri, xalqı, milliy koloriti, ta`biyatı, da`stu`rlerine su`yenedi. Ja`miyetlik ma`selelerdi milliy psixologiya ha`m insanıylıq ko`z-qarastan bahalap milliylik ha`m internatsionallıqtı ja`mdegen shıg`armalar do`retti. Sonın` menen birge, ha`r bir shayır o`zlerin tu`singen haqıyqatlıqtı ayttı, ko`rgen-bilgen turmıslıq ta`jiriybeleri ha`m sezingen keshirmelerine bola turmıs shınlıg`ı haqqında juwmaqlar shıg`ardı.

Sadıq Nurımbetovtın` «Xanalaslar»da`stanında xalıqlar doslıg`ı, olardın` erkinlikke, azatlıqqa, jaqsı turmısta jasawg`a umtılıwları, bul jolda jaqsılıq penen jamanlıqtın`, jawızlıq penen haq kewilliktin` gu`resi, adamgershiliktin` joqarı u`lgileri, doslıq sa`wlelengen. Shayır da`stannın` atqaratug`ın wazıypasına sadıqlıq etken. Sonın` menen birge da`stu`rlik su`wretlew usılında jan`asha izlenislerdi basınan keshirgen. Tilewbergen Jumamuratovtın` tuwrı ko`rsetip o`tkenindey, «shayırdın` jan`alıg`ı birinshiden, da`stang`a sin`dirilgen jan`a mazmun bolsa, ekinshiden, ko`rkemlik jag`ınan «Bahadır» sap a`debiy qubılıs. Sadıq Nurımbetovtın` «Xanalaslar»da`stanı en` da`slep tın`lawshıg`a emes, al oqıwshıg`a arnalg`an bolıp, bılayınsha basqasha qılıp aytqanda, ol jazba a`debiyattın` ha`r qanday shıg`arması sıyaqlı tek bir ma`rte tın`lap g`ana qoymaytug`ın, al bir neshe og`an teren` itibar menen qaytatug`ın, oqıwg`a intalı, qa`biletli jaslarg`a arnalg`anlıg`ı menen ajıralıp turadı.

## I Bap. Uli'wma bilim beriw mekteplerinde S. Nurimbetovtin' wo`miri ha`m do`retiwshilik xi'zmetlerin u`yreniw ma`seleleri.

Qaraqalpaq xalqının` maqtanıshı, haqıyqıy realistlik mazmundag`ı lirikalıq ha`m da`stanlıq do`retpeleri menen xalıq ju`reginen orın alg`an Sadıq ata Nurımbet ulı jigirmalanshı a`sirdin` qırqıshı-eliwinshi jılları qaraqalpaq a`debiyatına qa`dem basıp kirip kelgen a`jayıp talant iyelerinin` biri sıpatında ko`rkem so`z du`n`yasında girewli ornı bar a`jayıp so`z sheberlerinin` biri boldı. S. Nurımbetov do`retiwshilik da`wirinde o`zinen miyras etip izinde ko`plegen, xalıq ju`reginen orın alg`an biybaha, u`lken ta`rbiyalıq qa`siyetke iye milliy shıg`armaların jazıp o`tti. Do`retpeleri tek qaraqalpaq a`debiyatı, qaraqa`lpaq xalqı ushın g`ana xızmete etetug`ın ma`deniy baylıqlar bolıp qalmay, keleshek a`wladlar ushın da a`hmiyeti zor, waqıttın` o`tiwi menen pu`tkil tu`rkiy xalıqlardın` da, ja`ha`n xalıqlarının` da maqtanıshı bolatug`ınlıg`ına so`z joq. Sadıq Nurımbetov 1900-jılı Qon`ırat soramına tiyisli bolg`an «Sarayko`l» degen jerde o`z zamanına say da`rejedegi sawatlı insannın` shan`arag`ında du`n`yag`a kelgenligi a`debiyatlarda keltiriledi[1]. (XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı kitabı). Nurımbet maqsım Qon`ırattag`ı oqımıslı adamlardın` biri sıpatında ta`n alınıp, shayırdın` ko`rsetiwine qarag`anda boyınsha ol burıng`ı Ken`es awqamındag`ı jazıwshılar sho`lkeminin` ag`za bolg`anlıg`ı aytıladı. Baspa so`z betlerinde Sadıq shayırdın` qosıqları ja`riyalanarda, o`mir jolı tuwralı jalg`an mag`lıwmatlar aytıwg`a ma`jbu`rlegenliklerin keltiredi. Ko`pshilik adamlar shayırg`a: - «Sen a`kem oqımıslı adam bolg`an, o`zim medresede oqıg`anman desen` qa`telik etken bolasan`. A`kem sawatsız, o`zimnin` da xat jazg`anday g`ana halım bar deysen`. Bolmasa bolmaydı» - qattı eskertkenleri

jo`ninde aytqanlıg`ın eslepo`tedi[2]. Sol sebepten de: - «A`kem jaslıg`ımda o`lip qalg`an. Men a`kemdi bilmeymen. Jetim qalg`anman. Adamlardın` aytıwlarına qarag`anda a`kem sawatsız bolg`an. Azı-kem ol shayırlıq talantqa iye bolg`an. Toy-merekelerde, otırıspalarda ku`ldirgi so`zli, quwaqlı, birli-yarım kuplet qosıqtı yadınan aytarlıqtay halı bosa kerek. Dım jarlı jasag`anbız, dep aytatug`ın bolıp qaldıq» - dep aytıp otıratug`ın edi.

Haqıyqatında da, shayırdın` a`kesi Nurımbet degen adam el ishinde «Nurımbet maqsım» dep atanıp, sawatlı bolg`an. Meshitte bala oqıtqan. Biraq, Sadıq 7 jasına kelgende a`kesi o`lgen. Sadıqtın` o`zinin` a`kesi menen tuwısqan adamnın` balası Sıdıq shayır dep o`z qolına alıp ta`rbiyalag`an. Sıdıq medreseni pitkergen sawatlı, XIX a`sirdin` aqırındag`ı qaraqalpaqlar tariyxındag`ı Tallıqtag`ı shayır-qıssaxanlar mektebin sho`lkemlestiriwshilerdin` biri bolg`an adam.

Sadıq Nurımbetovtın` balalıg`ı ha`m jas o`spirim jılları sol da`wirdegi qaraqalpaqlar ko`p toplang`an ma`kanları Sarayko`l, Quwlıko`l, Qarateren`, To`legen aydın, Urıqlı degen jerlerde o`tken. Sadıq shayır bul jerlerdi qaraqalpaqlar menen birge tu`rkmenler, qazaqlar, o`zbekler de birge jasaytug`ın, ju`da` toy-merekeler ko`p bolatug`ın orınlar. Bul jerler a`sirese, qıssaxanlardın` ma`kanı edi» - dep eske tu`siredi.

Balalıq waktınan baslap-aq bolajaq shayır mektepte, keyin ala Xojelide jaylasqa`n Usnatdiyin aqun medresesinde oqıwın dawam ettirgen. Sadıq atamız jas waqıtlarınan baslap awıllaslarının` a`n`gimelerinen, so`zge sheber qatıqulaq adamlardan qızıqlı waqıyalarg`a bay xalıq an`ızların, xalıq qosıqların, erteklerdi, ra`wiyatlardı, da`stanlardı esitip, kewline toqıy

baslag`an. Oynap-o`sken awılında bolıp atırg`an toy-merekelerde da`stanlardı jırlag`an jıraw, baqsılardı qunt penen tın`lag`an ha`m sol da`wirlerden-aq olardın` man`ızın shag`ıwg`a ha`reket etken. Qıssaxanlar ta`repinen sho`lkemlestirilgen bas qospalarda bir neshe reet qatnasqan. Solay etip ol jas waqıtlarınan baslap bay xalıqtın` ma`deniy miyrası bolg`an do`retpeleri tiykarında ta`rbiyalanıp, ha`r ta`repleme jetilise baslag`an. Ayrıqsha ayta ketetug`ın na`rse, olda bolsa sol da`wirlerdegi mektep, medreselerdegi  Kanday da bir jollar menen saqlanıp kiyatırg`an arab, parsı ha`m tu`rkiy xalıqlarına tiyisli jazba ma`deniyatının` biybaha miyrasların u`yreniwge erisken. Bolajaq so`z sheberi olardı waqıt penen sanaspay qunt penen qızıg`ıp erinbey ko`p ma`rtebe oqıg`an ha`m bulardın` barlıg`ı onın` jaslayınan sawatlı adamlar qatarınan orın alıwg`a, zamanınan ozıq so`z sheberi bolıwg`a, keleshekte qıssaxanlıqtı men`geriwine jol salındı.

Sadıq Nurımbetov on-oneki jaslarınan baslap qa`lem terbip, da`slepki qosıqların jazıp,  ag`ası Sıdıq shayırg`a oqıtıp,onnan pikir alg`an. Ondag`ı talanttı sezgen Sıdıq shayır  ayrıqsha  g`amqorlıq penenta`rbiyalay baslag`an ha`m Sadıqqa ko`rkem so`z dizbeklerin jaratıwdın` mın` a`lwan sırların, qıssaxanlıq jolların u`yrete baslag`an.

Sadıq Nurımbetov 30 jaslarına kelip shayırlıq jolına anıq qunıqqan, ko`rkemlik talantının` rawajlang`an waqıtları baslandı.

Ol 1917-18-jıllardan 1929-30-jıllarg`a shekem 10-12 jıl dawamında jan`a ornag`an ha`m hu`kimlik su`rip turg`an ken`es hu`kimeti zamanı haqqında hesh na`rse jaza almadı. Bul az g`ana waqıt emes edi. Qosıq jazbag`anı menen ol bull jıllarda qurı bosqa o`mirin o`tkergen joq. Ol XIX a`sirdin` ekinshi yarımında Tallıqta Korazbek shayır Razbek ulı sho`lkemlestirilgen qaraqalpaq xalıq shayır-qıssaxanlarının`

mektebinin` da`stu`rinde ta`rbiyalanıp jetilisken u`lken qıssaxan boldı. Sol sebepli bul jıllarda xalqının` ruwxıy ma`deniyatın rawajlandırıw maqsetinde ol qıssaxanlıq penen shug`ıllandı. 1920-30-jıllarda Sadıq u`lken ataqlı qıssaxan bolıp jetilisti.

Sadıq shayırdın` Qaraqalpaqstanda ken`es hu`kimeti ornag`annan son` ko`p jıllıq oylanıwlarınan keyin 1929-jılı jazg`an bull qosıg`ı XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatına birinshi qoyg`an qa`demi boldı.

Qosıqtın` ko`rkemliligi, waqıyalardı lirikalıq jollar menen bayanlap beriw sheberligi onın` a`debiyat maydanında ta`jriybeli, pisip jetilisken sheber shayır ekenligin ko`rseter edi. Jan`a ja`miyette ken`es hu`kimetinin` jırın jırlaytug`ın usınday poeziyag`a bull jıllarda sovet a`debiyatı ju`da` mu`taj edi. Qosıq Sadıq shayır ta`repinen awılda belsendilerdin`, awıl batraqları menen o`tkergen tu`ski, keshki ma`jilislerinde oqılg`an waqıtlardan baslap ha`mme ta`repten u`lken quwatlawshılıqlarg`a erisildi. Qosıq ku`nnen-ku`nge adamlar arasında ken` taradı.

Jan`a ja`miyetti qollap-quwatlawshı shıg`armalar do`retiw arqalı do`retiwshilik xızmeti menen xalqına xızmet qılatug`ınlıg`ına, ol jolda tabısqa jetetug`ınlıg`ına shayırdın` ko`zi jetti. Usınday jollar menen ol birden awıllardag`ı qurılıp atırg`an jan`a hu`kimettin` isine aralasıp ketti. Ja`ne de shayırlıqtın` barlıq ja`miyetlik qurılısta da u`lken ku`sh ekenligin tu`sindi.

1930-jıllardın` aqırlarına kelip, Qaraqalpaqstanda respublikalıq masshtabta a`debiy, ma`deniy isler tarawında u`lken-u`lken o`zgerisler bolıp turdı. Ma`selen, qaraqalpaq sovet jazıwshılarının` toplamları baspadan shıg`a basladı. Mekteplerde, joqarı oqıw orınlarında qaraqalpaq a`debiyatı pa`n sıpatında oqıtıla basladı. Gazeta betlerinde, a`debiy al`maxanlarda fol`klorlıq ha`m klassikalıq a`debiyat miyrasları tınbay dag`azalandı. O`tkendegi ha`m sol da`wirdegi ko`rkem shıg`armalardı ilimiy pa`n sıpatında izertlewler ju`rgizildi. Elden xalıq talantlıların izlew, olar menen so`ylesiw jumısları ju`rgizile basladı. Eldegi Sadıq shayırdın` ko`z aldında atırg`an sharalarda shayırdın` ko`rkem do`retiwshilik islerge isenimin ku`sheytkenligi so`zsiz.

Sadıq shayır, Abaz shayır bular menen birge Qaraqalpaqstannan respublikalıq olimpiadanın` jen`impazları yuolg`an ko`p jırawlar, baqsılar ha`m qıssaxanlar

Tashkente, Moskva qalalarında boldı. A`lbette, bull do`retiwshiler burınnan dan`qı a`lemge taralg`an Moskva, Tashkent usag`an iri sanaat orayların o`z ko`zleri menen ko`rdi. Olar xalıqlardı, iri arxitekturalıq esteliklerdi ko`riwi, hu`kimet basshılarının` qabıllawında bolıwı, basqa ellerdin` de u`lken ko`rkem so`z sheberleri menen ushırasıwları olardı u`lken quwanıshqa bo`legeni so`zsiz.

1940-jılı Sadıq Nurımbet ulının` «Bizin` Watan» degen tun`g`ısh qosıqlar toplamı baspadan shıqtı. Bull da xalıq shayırının` o`mirinde u`lken tariyxıy waqiya bolg`anlıg`ı ras. Toplamda shayırdın` 1918-jıldan baslap tap 1940-jılg`a shekemgi jazg`an geypara qosıqları orın alg`an. A`lbette, bul xalıq shayırının` o`mirinde u`lken waqıya boldı. Sadıqtın` bul jıllarda xalıq shayırı degen shayırlıq dan`qı Qaraqalpaqstanda oyı menen qırına tarag`an edi. A`sirese, ol qısqa waqıtlardın` ishinde-aq Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamına ag`za bolg`annan keyingi bir-eki jıldın` ishinde ha`mme shayırlarg`a ustazlıq etiw da`rejesine jetisti. Endi bul jıllarda onın` keleshek shayırlıq perspektivasına hesh kimnin` de gumannı bolmay qaldı.

Solay etip, Sadıq Nurımbet ulının` do`retpeleri sol da`wirdegi xalıqtın`, onın` milliy a`debiyatı, ko`rkem o`neri, ma`deniyatının` o`siw tariyxı menen tıg`ız baylanısta rawajlandı ha`m qaliplesti. Sonlıqtan Sadıq shayır shıg`armaların ulıwma bilimlendiriw meteplerinde oqıtıw ken` jolg`a qoyıw orınlı esaplanıladı.